



SOU DOSYE:

Desizyon Otorite Siperyè yo nan #

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), koz sa te vini devan Konsèy Egzamen an ("Konsèy") pou konsidere **apèl demandè oswa anplwayè a** apati yon Lòd pou Rejte ki antre pa Abit Apèl la sou Nimewo Dosye Apèl:....., (demandè) (anplwayè), antanke pati k ap fè apèl la, pa te rive prezante nan odyans ki te pwograme nan dat:....., pou pouswiv apèl li a apati Rezolisyon pa Jij la sou Nimewo Dosye :.....(Demandè) (anplwayè) a te fè Konsèy la anile Lòd ki mansyone pi wo a epi ranvwaye koz la pou yon lòt odyans ak yon nouvo desizyon.

Kòm prèv demann li a pou anile Desizyon Apèl la nan Nimewo:..... epi ranvwaye dosye a nan Seksyon Apèl Divizyon Sekirite Travay la ("Divizyon") pou yon nouvo odyans, (demandè) (anplwayè) afime..... Yon revizyon dosye a.

Konsèy la mete fen pou di, (demandè) (anplwayè) a te montre bon rezon jan li defini nan 04 N.C. Kòd Admin. 24A .0105(26) paske li pa rive prezante nan odyans ki egzije prèv la pou bay temwanyaj ak lòt prèv. Bon koz yo dwe yon rezon ki jiridikman ase ki jistifye jiska yon ekskiz legal ki fè li pa rive fè yon bon aksyon ki egzije pa lalwa nan egzèsis bon dilijans lan. "Bon Dilijans" vle di mezi pridans, prekosyon, atansyon ak bon jijman ki atann epi egzèse pa yon moun ki pridan epi rezonab konsènan yon sikontans patikilye. N.C. Kòd Admin. 24A .0105(21). Nan ka sa, demann (demandè) (anplwayè) a pou yon lòt odyans dwe akòde.

Sou baz sa ki swiv presede a, koz la dwe ranvwaye bay Abit Apèl la pou dirije yon 11ot odyans (**Odyans de novo**).

**ENPOTAN – GADE PAJ KI SWIV LA**



# Desizyon Otorite Siperyè yo:  
Paj De nan De

Nan fen odyans ki te ranvwaye a, Abit Apèl la dwe mete akote Desizyon apèl la epi yon nouveau desizyon ak nouveau konstasyon fè ak konklizyon lalwa. Konstasyon fè sa yo mansyone istwa pwosediral ka a, enkli tout lòd pou kontinye ak pou ranvwaye, rezon 1 ap ranvwaye a, yon rezime konsènan egzijans lòd pou ranvwa a, epi pati ak temwen ki te prezante nan odyans ki te fèt sou dosye sa.

Koz la **RANVWAYE** pou plis pwosedi ki konpatib ak desizyon sa a.

LI ÒDONE, tout pati ki enterese yo pral dwe byen enfòme konsènan lè ak kote odyans ki te ranvwaye a ap fèt, epi Abit Apèl la dwe idantifye nouveau desizyon an nan fen odyans lan pandan 1 ap itilize tout nimewo dosye ki te déjà atribye yo.

LI ODONE TOU, tout dokiman dosye ranvwa a ki te transmèt bay Seksyon Apèl la ak lòd pou ranvwa a dwe transfere bay Abit Apèl la ansanm ak avi odyans lan pou make kòm prèv konviksyon epi antre nan rejis yo pa Abit Apèl ranvwa a pou konplete rejis yo jan lalwa egzije a.

Manm Konsèy Egzamen yo, Susan Doe ak John Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò ak desizyon sa a.  
Sa se.

#### KONSÈY EGZAMEN AN

---

Prezidan

#### **AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE**

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) (enkli moun antrepriz tyès yo k ap sèvi antanke administratè anplwayè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 avèk § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizon yon avoka dwe ekri an konfòmite avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout enfòmasyon ki te founi bay yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

**Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 jiyè 2013 yo, demandè yo fè sijè ranbousman alokasyon ki te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).**

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: